

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Transfè Resous



Kisa resous ye?

[Resous](#) se lajan kach ak byen ou posede epi ki ka vin lajan kach. Pami egzanp [resous](#) yo, genyen kont labank, veyikil, byen imobilye, aksyon ak obligasyon.

Pou kisa resous yo enpòtan nan pwogram SSI?

Pou resevwa benefis SSI, [resous](#) kontab ou pa dwe vo plis pase \$2000 pou yon moun, oswa \$3000 pou yon koup. Nou rele sa limit resous.

Li dokiman Pwen Enpòtan SSI sou [Resous](#) pou enfòmasyon sou fason nou konsidere [resous yo](#).

Kisa transfè resous vle di?

Transfè yon resous se fè kado oswa vann yon resous. Pa egzanp, lè w fè yon moun kado lajan kach, sa vle di yon transfè resous.

Kisa k ap pase nan benefis SSI mwen si mwen transfere yon resous?

Si ou menm, konjwen ou, oswa yon ko-pwopriyete fè kado yon resous oswa vann li pou mwens pase sa li vo, ou ka pa elijib pou resevwa benefis SSI jiska 36 mwa. Kantite tan ou pa elijib pou resevwa benefis SSI depannde valè resous ou transfere a.

Kisa k ap pase si mwen vann yon resous?

Si w vann yon resous pou sa li vo, peryòd ou pa elijib pandan 36 mwa a pa aplikab. Men, lajan ou resevwa nan lavant lan ka fè w pa elijib si sa fè w depase limit resous ki vo plis pase \$2000 pou yon moun oswa \$3000 pou yon koup.

Kisa k ap pase si mwen mete resous mwen nan yon tchwòs?

Nan kèk ka, nou konsidere zafè mete resous nan yon tchwòs kòm yon transfè resous ki ka fè w pa elijib pou resevwa benefis SSI. Nan lòt ka yo, nou konsidere tchwòs la poukont li kòm yon resous. Answit, valè tchwòs la ka fè w depase limit resous la.

Gade dokiman Pwen Enpòtan SSI sou [Tchwòs](#) pou plis enfòmasyon sou fason tchwòs afekte elijiblite SSI ou.

Kouman transfè yon resous afekte pwoteksyon Medicaid ou?

Medicaid ka pa peye pou sèten frè swen medikal si ou menm oswa konjwen ou fè kado yon resous oswa vann li pou mwens pase sa li vo. Si w gen nenpòt kesyon sou fason transfè yon resous afekte pwoteksyon Medicaid ou, tanpri kontakte biwo asistans sosyal oswa biwo sèvis sosyal ki okipe zafè Medicaid nan zòn ou. Yo ka reponn kesyon ou sou fason transfè [resous](#) afekte Medicaid.